

Chè fanmi,

Nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS), youn nan pi gwo priyore nou yo se asire ke chak elèv ka kontinye aprann, menm pandan sitiyasyon inatandi tankou move tan oswa lòt ijans ki mande lekòl nou yo pou yo vire nan aprantisaj adistans. Pou asire nou pare pou yon aktivite konsa, nou vle asire elèv nou yo ak manm estaf nou yo byen prepare pou siksè aprantisaj adistans.

Kòm yon pati nan efò n ap kontinye fè yo, nou pral fè yon egzèsis similasyon preparasyon pou ijans nan maten **Jedi 6 jen 2024 la**. Kòm 6 jen se yon jou ki pwograme pou **elèv yo pa prezan, elèv yo pral patisipe nan aktivite similasyon an** lakay yo. Sa a pral pèmèt elèv yo angaje sou entènèt ak pwofesè yo tankou yo te nan yon jounen reyèl aprantisaj adistans.

Pandan similasyon an, elèv ak pwofesè yo pral konekte nan sistèm NYCPS pandan yon seri tan ki te pwograme davans pou yo patisipe nan yon aktivite ki pa pedagojik ki gen ladan konekte (logging) nan aplikasyon NYCPS nou yo.

Èske patisipasyon obligatwa?

Aktivite sa a totalman volontè. Sepandan, plis elèv k ap patisipe, se plis egzèsis similasyon pou preparasyon pou ijans nou an pral pi egzat ak itil nan prepare lekòl nou yo pou chanjman nan ansèyman adistans nan sitiyasyon inatandi tankou move tan oswa lòt ijans ki mande pou lekòl nou yo vire nan aprantisaj adistans.

Konbyen tan aktivite sa a ap dire?

Aktivite a ap dire 25 minit pou tout klas. Nou t ap apresye sa si w ta rete pou jistan aktivite a fini.

Kisa elèv yo pral fè?

1. Chak lekòl ap detèmine aktivite espesifik sou entènèt la pou egzèsis similasyon 6 jen an.
2. Sa ka soti nan yon reyinyon nan tout lekòl la rive nan pase yon video, nan lè fonksyònman biwo pwofesè pou elèv yo. Pwofesè yo ap bay eksplikasyon davans.
3. Kèlkeswa egzèsis la, yo pral mande tout elèv yo konekte nan NYCPS TeachHub.

Kisa elèv yo bezwen pou patisipe?

Pou patisipe, elèv yo ap bezwen:

1. yon aparèy ki fonksyoen, ki gen entènèt sou li,
2. yon koneksyon entènèt, ak
3. enfòmasyon pou elèv yo konekte (login).

Si ptit ou a pa gen yon aparèy, kontakte pwofesè ptit ou a avan 6 jen pou mande youn.

Pandan patisipasyon nan similasyon adistans sa a pa obloigatwa, nou espere ou pral vin patisipe avèk nou jou 6 jen an pou ede sipòte preparasyon pou ijans lekòl nou an. Sipò w gen



Chancellor David C. Banks

anpil valè pou ede asire pwochen jou aprantisaj adistans yo vin yon siksè pou fanmi, elèv, ak manm estaf nou yo.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte m.

Nou remèsyé w davans pou patisipasyonw ak kolaborasyon w, ki pral itil ampli nan amelyorasyon preparasyon pou ijans nou an.

Avèk senserite,

Direktè